# DELIKT – PUQARALIQ HUQIQI NORMALARI MENEN TÁRTIPLESTIRILETUǴIN PUQARALIQ HUQIQIY MÚNÁSIBET SIPATINDA

**Jumambetov Rasul Jengisbayevich**
**Qaraqalpaq mámleketlik universiteti**
**Yuridika fakulteti "Huqıq hám biznes" qánigeligi 2-kurs magistranti**
https://doi.org/10.5281/zenodo.7950465

**Annotatsiya:** Bul maqalada delikt túsinigine puqaraliq huqiqi normalari menen tártiplestiriletuǵin puqaraliq huqiqiy múnásibet sipatinda analiz berildi.
**Gilt sózler.** Delikt, delikvent, nızam, huqıq, huqıq sisteması, princip.

Ózbekstan Respublikasınıń puqaralıq huqıqı roman–german huqıq sistemasına tiykarlanadı. Sol sebepli áyyemgi Rim menshikli huqıqınıń kóplegen qaǵıydaları Rimde qanday atalǵan hám qollanǵan bolsa, milliy puqaralıq huqıqına da sonday implementaciya etilgen. Mısalı, áyyemgi Rimde qollanılǵan servitut huqıqı, vindikacion talap etiw, negator talap etiw sıyaqlı institutlardıń dástúrleri milliy puqaralıq huqıqında zamanagóy formada óz kórinisin tapqan (servitut huqıqı PKniń 173-statyası, vindikacion talap etiw PKniń 228-statyası, negator talap etiw PKniń 231-statyası.)

Maqalamızdaǵı delikt institutı da Rim menshikli huqıqınıń novellalarinan biri esaplanadı. "Delikt" latınsha "delictum" sózinen alınǵan bolıp, "buzıw", "ayıp" "huqıqqa qılap háreket" sıyaqlı mánislerdi ańlatadı. Biraq, delikttiń leksikalogiyalıq mánisi onıń mazmun hám mánisin tolıq ashıp bermeydi. Delikt yuridikalıq túsinik bolıwı menen bir qatarda, puqaralıq huqıqınıń ǵárezsiz institutı hám zárúrli social hádiysesi retinde ayrıqsha áhmiyetke iye boladı. Ádebiyatlarda delikt institutı boyınsha túrli pikirler bildirilgen. Ayırım ádebiyatlarda delikt institutı - bul "bazar múnásibetleriniń barlıq qatnasıwshıları máplerin qorǵawǵa mólsherlengen universal xarakterdegi qorǵaw usılı" [1,56-bet] dep keltirilse, basqa ádebiyatlarda "jábirleniwshiniń múlkshilik zıyanın ádalatlı hám tezlikte tikleniwin támiyinlewge qaratılǵan ilaj" [2,53-bet] dep keltiriledi. Pikirimizshe, bul orında delikt institutınıń jámiyettegi tárbiyalıq áhmiyetin de atap ótiw kerek. Sebebi "eger jetkerilgen zıyan tolıq kólemde qaplansa, delikt institutı óz wazıypasın atqarǵan boladı" [3,63-bet]. Sonday eken, delikt institutınıń tiykarǵı waziypası támiyinlense, jámiyet aǵzaları arasındaǵı huqıqbuzarlıqqa beyim bolǵan adamlardıń "jetkerilgen zıyan qaplanıwınıń anıq" ekenligin túsiniwine hám nátiyjede túrli huqıqbuzarlıqlar júz beriwiniń aldı alınıwına jetkilikli dárejede tásir kórsetedi.

Ulıwma yuridikalıq túsinikke kóre delikt, puqaralıq huqıqınıń ǵárezsiz institutı retinde zıyan jetkeriw áqibetinde jábirleniwshige jetkerilgen zıyandı tolıq qaplawın támiyinlewge qaratılǵan huqıq normalari jıyındısı bolıp tabıladı. Ózbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksiniń (keyingi orınlarda PK) "Zıyan jetkeriwden kelip shıǵatuǵın minnetlemeler" dep atalıwshı 57-babında delikt múnásibetlerdi tártipke salıwshı normalar óz kórinisin tapqan. Bul baptıń 985-statyasında "nızamsız háreket (hárekecizlik) sebepli puqaranıń shaxsına yamasa mal-múlkine jetkerilgen zıyan, sonıń menen birge yuridikalıq shaxsqa jetkerilgen zıyan, sonday-aq ketken payda zıyandı jetkergen shaxs tárepinen tolıq kólemde qaplanıwı kerek", dep belgilengen. Bul statyadaǵı qaǵıyda "Tiykarǵı delikt principi" esaplanıp, áyyemgi Rim mámleketiniń XII keste nızamlarında belgilengen, "sındırdıma - dúzecin", "zıyan jetkerdime - tólesin" [4,87-bet] principine tiykarlanǵan.

Búgingi kúnde de bul princip óz áhmiyetin joǵaltqanı joq. Kúndelik processlerde adamlardıń óz-ara múnásibetlerinde geyde olardıń múlkshilik yamasa múlksiz emes máplerine zıyan jetedi. Bul zıyanlar kútilmegen hádiyseler, túrli jaǵdaylar, abaysızlıq, qasttan yamasa tábiyǵiy apatlar áqibetinde payda boladı. Bunday jaǵdaylarda jábirleniwshige jetkerilgen zıyandı qaplaw máselesi payda boladı, atap aytqanda bul dawlar delikt institutı normalari tiykarında sheshiledi. Delikt institutınıń tiykarǵı funkciyası ayıplını jazalaw emes, bálki jábirleniwshige jetkerilgen zıyandı tolıq kólemde qaplaw bolıp tabıladı. Bul bolsa delikt institutı qaǵıydaları hesh qashan eskirmeydi hám jámiyetti rawajlandiriwdiń barlıq basqıshlarında shaxstıń huqıq hám de nızamlı máplerin támiyinlewde aktual áhmiyetke iye bolıwın ańlatadı.

Delikt puqaralıq huqıqı normalari menen tártiplestiriletuǵın zıyan jetkeriwshi (delikvent) menen jábirleniwshi ortasında payda bolatuǵın minnetleme múnásibeti bolıp tabıladı. Bul múnásibetlerdiń ayriqsha ózgesheligi sonda, jábirleniwshiniń huqıqı hám delikventtiń minnetlemesi shártnamadan tısqarı, yaǵnıy zıyan jetkeriw fakti tiykarında payda boladı. Bunda jábirleniwshi ózine jetkerilgen zıyandı tolıq kólemde qaplanıwın delikventten talap etiw huqıqına, delikvent bolsa jábirleniwshige jetkergen zıyandı tolıq qaplaw minnetlemesine iye boladı. Sonıń menen birge, delikt institutınıń ayriqsha taǵı bir ózgesheligi sonda, bul tartıslı múnásibette delikvent jetkerilgen zıyandı óziniń ayıpsızlıǵın dálillemegenge shekem ayıplı esaplanadi, yaǵnıy delikventke salıstırǵanda "ayıpkerlik prezumpciyasi" qollanıladı.

Bunda jábirleniwshi ózine jetkerilgen zıyannıń muǵdarı hám kólemin tastıyıqlap beriwi jetkilikli boladı, onnan huqıqbuzardıń ayıplılıǵın tastıyıqlaytuǵın dáliller talap etilmeydi.

Tán alıw kerek, delikt puqaralıq huqıqı normalari menen tártiplestiriletuǵın puqaralıq huqıqıy múnásibet bolıp tabıladı. Bul múnásibetlerde ǵalabalıq huqıq subyekti retinde ishki isler organlarınıń qatnasıwı máselesi ayrıqsha áhmiyetke iye. PKniń 990, 991-statyalarında mámleket organı retinde ishki isler organları qatnasıwındaǵı bul múnásibet delikttiń ayrıqsha túri retinde belgilengen. Atap aytqanda, PKniń 990-statyası "Mámleket organları, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw shólkemleri, sonıń menen birge olardıń lawazımlı shaxsları tárepinen jetkerilgen zıyan ushın juwapkershilik" hám 991-statyasında "Sorastırıw, dáslepki tergew, prokuratura shólkemleri hám sudtıń nızamǵa qılap háreketleri sebepli jetkerilgen zıyan ushın juwapkershilik" dep atalǵan. Anıǵıraǵı, joqarıdaǵı statyalarda mámleket organları hám lawazımlı shaxslarınıń nızamǵa qılap qararları hám de nızamsız háreketleri (hárekecizligi) nátiyjesinde puqaraǵa yamasa yuridikalıq shaxsqa jetkerilgen zıyandı tólew tártibi názerde tutılǵan. Álbette, delikt múnásibetlerde mámleket organı retinde ishki isler organları tek ǵana deliktvent emes, bálki jábirleniwshi bolıwları da múmkin. Yaǵnıy ishki isler organlarına yamasa olardıń mal-múlkine puqara hám yuridikalıq shaxslar tárepinen zıyan jetkeriw jaǵdayları payda bolǵanda, zıyan PKniń 57-bap qaǵıydalarına kóre ulıwma tiykarlarda qaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda, delikt múnásibetler keń qamrawlı hám túrli huqıq tarawları menen tártipke salınǵan. Názerimizde, bul múnásibetlerdi tártipke salıwshı nızam normalarin unifikaciyalaw zárúr. Mámleket esabınan qaplanatuǵın zıyanlardı óndiriw tártipke salıwshı ayrıqsha nızam hújjetin qabıllaw, bunda zıyandı qaplaw qaysı qarjılar esabınan hám qanday tártipte ámelge asırılıwın anıq belgilew kerek.

## References:

1. Садиков О.Н. Гражданское право РФ в 2-х томах. Том 1. –М.: “Контракт”: Инфра-М, 2006. – С. 56.
2. Гинц Е.М. Вестник Масковского Университета МВД России. 2012. –№6. – С.53.
3. Смирнов В.Т., Собчак А.А. Общее учение о деликтных обязательствах в советском гражданском праве: Учебное пособие. – Л., 1983. – С. 63.
4. Шомуҳамедова З.Ш. Рим хусусий ҳуқуқи. Дарслик. ТДЮИ., 2002. –Б. 87.